

BAB V

KACINDEKAN JEUNG RÉKOMÉNDASI

5.1 Kacindekan

Struktur carpon dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri kawangun ku téma, galur, tokoh jeung penokohan, sarta latar. **Téma**; tina tujuh carpon nu ditalungtik, sakabéhna miboga téma nu sarua, tapi aya sababaraha anu dibédakeun ku téma tambahan. Téma utama dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* nya éta ngeunaan sosial sosial. Téma tambahan boga kalungguhan pikeun nguatkeun téma utama. Téma tambahan nu aya dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* di antarana: (a) téma sosial nu leuwih museur kana pasualan moral, nu nyangkaruk dina carpon “Dukun Lepus”, “Koper”, jeung “Copét”; (b) téma sosial nu leuwih museur kana pasualan moral jeung pulitik, nu nyangkaruk dina carpon “Sapi Pelén”, jeung “Nurustunjung”; (c) téma sosial nu leuwih museur kana kayakinan, nu nyangkaruk dina carpon “Dédété”, jeung (d) téma sosial nu leuwih museur kana norma, nu nyangkaruk dina carpon “Sanés Maling”.

Galur anu digunakeun nya éta galur mérélé, galur mundur, jeung galur mobok tengah. Carpon anu ngagunakeun galur mérélé nya éta “Sapi Pelén”, “Dukun Lepus”, “Copét”, “Nurustunjung”, jeung “Sanés Maling”, carpon nu ngagunakeun galur mundur nya éta “Dédété”, sedengkeun carpon nu ngagunakeun galur mobok tengah nya éta “Koper”.

Tokoh dina ieu carpon katitén aya 79 tokoh. 7 urang salaku tokoh utama jeung 72 tokoh salaku tokoh tambahan boh anu ngalakonan boh anu kacaritakeun ku tokohna atawa kacaritakeun saliwat. Dina unggal carpon kacaritakeun aya sababaraha tokoh anu boga pangkat atawa jalma nu miboga wibawa, saperti: (a) tokoh Lurah Désa, Kuwu, jeung Ménak dina carpon “Sapi Pelén”; (b) Aki Haji jeung RT dina carpon “Dukun Lepus”; (c) Dunungan dina carpon “Koper”; (d) Abah Kanta, Pulisi jeung Ketua Panitia Pasar Malem dina carpon “Copét”; (e) Dunungan jeung Haji Gani dina carpon “Nurustunjung”; jeung (f) Haji Amin, Lurah jeung Kuwu dina

Mohamad Iqbal Nurrohman, 2018

CARPON “KOPER” DINA KUMPULAN CARPON DUKUN LEPUS KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XI (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

carpon “Sanés Maling”. Watek tokoh anu kagambar dina unggal carpon kapanggih ku cara niténan kalakuan jeung karakter dina carita kahirupanana.

Latar nu kapanggih dina unggal carpon nya éta latar tempat, latar waktu jeung latar sosial. Anu disaluyukeun jeung téma tur galur dina unggal caritana. Latar tempat general dina unggal carpon rata-rata aya di pilemburan, tapi aya ogé carpon nu latar tempatna di pakotaan, sedengkeun latar parsialna béda-béda. Latar waktu nu aya dina unggal carpon aya nu nuduhkeun latar waktu anu puguh (absolut), aya ogé anu nuduhkeun latar waktu nu teu puguh (farsial). Latar sosial unggal carpon lolobana nuduhkeun bébédaan antara kalangan handap, kalangan menengah jeung kalangan luhur. Dina ieu panalungtikan dipedar hubungan antar unsur dina carita. Hubungan antar unsur nu dipedar dina unggal carpon nya éta hubungan (1) téma jeung galur, (2) téma jeung tokoh tur penokohan, (3) téma jeung latar, (4) galur jeung tokoh tur penokohan, (5) galur jeung latar, (6) tokoh tur penokohan jeung latar. Tina runtuyan nu panjang tur analitis, bisa dicindekeun yén hubungan antar unsur dina unggal carita téh raket patalina, sarta mangrupa hubungan anu kausalitas (hubungan sabab akibat). Kabéh carpon dina buku kumpulan carpon *Dukun Lepus* mangrupa carpon nu medar aspék kahirupan anu *universal* luyu jeung kaayaan jaman.

Amanat anu nyannngkaruk dina kumpulan carpon *Dukun Lepus* karya Ahmad Bakri diantaranya: (a) dina carpon “Sapi Pelén” nya éta urang kudu jujur jeung amanah dina ngalakonan kahirupan, lantaran unggal nu dilakukeun ku urang tangtu aya babalesna; (b) dina carpon “Dukun Lepus” nya éta kudu silih asah, silih asih jeung silih asuh ka sasama, lantaran urang hirup di dunya téh henteu sosorangan; (c) dina carpon “Dédété” nya éta tiap jalma miboga jalan kahirupan sewang-séwangan, can tangtu hiji jalma bisa matotoskeun hiji pasualan ku cara nu sarua jeung jalma séjénna; (d) dina carpon “Koper” nya éta sagoréng-goréngna paripolah manusa tangtu miboga haté nu bersih, sarta ulah sieun nalika ngalakonan bebeneran; (f) dina carpon “Copét” nya éta ulah babari percaya ka batur, sagala rupa ogé kudu jeung itunganana. Sahadé-hadéna jalma ari mang taun-taun anclub dina kagoréngan mah, tangtu bakal napak éta kagorénganana; (g) dina carpon “Nurustunjung” nya éta hirup téh ulah renggas harepan, ulah pondok léngkah, sagala rupa ogé aya bongbolonganana pikeun

Mohamad Iqbal Nurrohman, 2018

CARPON “KOPER” DINA KUMPULAN CARPON DUKUN LEPUS KARYA AHMAD BAKRI PIKEUN ALTERNATIF BAHAN PANGAJARAN APRÉSIASI SASTRA DI SMA KELAS XI (ULIKAN STRUKTURAL)

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

matotoskeun pasualan; jeung (h) amanat nu nyangkaruk dina carpon “Sanés Maling” nya éta dina matotoskeun hiji pasualan ulah dibarengan ku émosi, ulah nuduh ka batur ari euweuh bukti nu nyampak, jeung alusna unggal pasualan dipatotoskeun kuku aturan hukum nu aya.

Dumasar kana kritéria milih bahan pangajaran, bisa dicindekeun aya hiji carpon anu bisa dipaké pikeun alternatif bahan ajar, sabab luyu jeung kritéria bahan pangajaran, nya éta carpon “Koper”. Sedengkeun genep carpon deui nya éta “Sapi Pelén”, “Dukun Lepus”, “Dédété”, “Nurustunjung”, “Copét”, “Sanés Maling” teu bisa dipaké pikeun bahan pangajaran lantaran teu luyu jeung kritéria bahan pangajaran hususna tina segi basa anu teu luyu jeung psikologi siswa SMA kelas XI. Sanajan teu bisa dipaké pikeun bahan pangajaran genep carpon éta bisa nambahan pangaweruh nu maca.

5.2 Rékoméndasi

Sawatara saran atawa rékoméndasi ditujukeun pikeun pihak-pihak nu patali jeung ieu panalungtikan nya éta; 1) guru, 2) masarakat, jeung 3) panalungtikan satuluyna. Guru dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan sangkan bisa ngarojong pangajaran, lantaran dina ieu panalungtikan geus disusun soal-soal jeung matéri pangajaran. Masarakat ogé nu maca dipiharep bisa terus ngeuyeuban pangaweruh ngeunaan hal dina pamahaman karya sastra, saperti loba maca kritik sastra atawa kajian sastra. Panalungtikan satuluyna dipiharep bisa ngamangpaatkeun ieu hasil panalungtikan pikeun panalungtikan anu leuwih jembar.